

FÒM KONSANTMAN ELÈV YO POU YON DEPISTAJ COVID-19 KOLEKTIF KI FAKILTATIF SE YON PARAN/YON RESPONSAB LEGAL KI DWE RANPLI L

Enfòmasyon sou paran an/responsab legal la

Ou pap jwenn okenn notifikasyon sou rezilta depistaj kolektif la, men w ap jwenn rezilta sou nenpòt tès endividyèl ki ta fèt annapre, nan telefòn oswa nan imèl.

Non paran an/responsab legal la ak tout lèt detache:

Nimewo telefòn selilè/mobil paran an/responsab legal la:

Nòt: nou pral voye rezilta yo nan nimewo selilè sa a

Adrès imèl paran an/responsab legal la:

Enfòmasyon sou paran an/responsab legal la

Non timoun nan/elèv la ak tout lèt detache:

Klas:

Saldeklas
(si sa aplikab):

Dat nesans:
(MM/JJ/AAAA)

Laj:

Èske elèv ki endike anwo a te resevwa yon dyagnostik ki montre li gen COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo?

Wi, elèv mwen a te teste pozitif pou COVID-19 la nan 90 jou ki sot pase yo.

Si w reponn wi, bay dat dènye tès COVID-19 ki pozitif: _____

Non, elèv mwen a pa t teste pozitif pou COVID-19 la nan 90 jou ki sot pase yo.

KONSANTMAN

Lè mwen ranpli e mwen voye fòm sa a, se konfime mwen konfime mwen se paran an, responsab legal la oswa yon lòt moun ki legalman otorize pou bay konsantman sa a, epi mwen ateste sa ki vin apre a:

- A. Mwen otorize pou yo pran yon echantiyon sou pitit mwen an e pou yo fè yon depistaj COVID-19 kolektif chak semèn pandan orè klas yo, e pou yo fè nenpòt lòt tès dyagnostik endividyèl ki ta nesese annapre sou elèv mwen an (sa gen ladan l tès antijèn rapid Abbott BinaxNOW a ak tès PCR/molekilè a). Mwen konprann tout echantiyon yo rale yo se pral echantiyon yo pran pa mwayen yon ti aplikatè pou nen an ki pa anvayisan.
- B. Mwen konprann depistaj kolektif la pa bay okenn rezilta endividyèl pou chak manm gwoup la, lèfini yo pap ka ban mwen okenn rezilta endividyèl pou elèv mwen an nan kad depistaj kolektif la. Sepandan, mwen konprann yo gendwa antre enfòmasyon sante pèsònèl elèv mwen yo nan platfòm teknolojik konpayi ki fè tès la pou ede li suiv rezilta depistaj kolektif la e pou pèmèt li idantifye nenpòt moun ki ta bezwen fè yon lòt tès annapre.
- C. Mwen konprann y ap fè m konnen rezilta nenpòt tès "suivi" ki ta fèt annapre pou dyagnostik endividyèl COVID-19 la kay elèv mwen an.
- D. Mwen konprann li posib pou tès COVID-19 la bay yon rezilta fo pozitif oswa fo negatif, ni nan depistaj kolektif la, ni nan tès endividyèl la. Etandone li posib pou tès yo bay rezilta fo negatif, mwen konprann elèv mwen an ta dwe kontinye suiv tout enstriksyon sekirite ki anvigè pou COVID-19 la. Pa egzanp, li ta dwe kontinye mete kach-nen, kenbe distansyasyon sosyal la epi suiv tout pwotokòl lekòl la mete sou pye pou izole e pou teste nenpòt elèv ki kòmanse genyen kèk sentòm COVID-19.
- E. Mwen konprann anplwaye ki fè depistaj kolektif la ak tès suivi yo te resevwa yon fòmasyon sou fason pou yo fè tès yo kòmsadwa, selon tout règ sekirite yo. Mwen konprann ni konpayi ki bay tès la ni _____, ni okenn reprezantan, ofisyè, anplwaye oswa òganizasyon ki esponsò pa responsab si ta gen yon aksidan oswa yon moun ki blese nan kad patisipasyon li nan pwogram depistaj kolektif la.
- F. Mwen konprann elèv mwen an **dwe** rete lakay li si li pa santi l byen. Mwen konprann, si pitit

mwen resevwa yon rezilta pozitif nan yon tès suivi endividyèl, li dwe rete lakay li, li pa dwe ale lekòl, li dwe izole tèt li e li dwe kontinye mete yon kach-nen oswa yon lòt pwoteksyon pou vizaj li nan objektif pou l pa enfekte lòt moun.

- G. Mwen konprann sistèm eskolè a pa jwe wòl pwofesyonèl sante pitit mwen an, lèfini depistaj sa a pa pran plas tretman pitit mwen sipoze resevwa a nan men pwofesyonèl sante l la, epi mwen pran tout reponsablite m pou fè tout sa ki nesèsè parapò ak rezilta pitit mwen jwenn nan tès la. Mwen dakò pou m chèche konsèy medikal, swen ak tretman nan men pwofesyonèl sante pitit mwen an si mwen gen kesyon, si mwen gen dout oswa si eta sante l la vin pi mal. Mwen konprann se mwen ki responsab peye pou nenpòt swen elèv mwen an ka resevwa nan men pwofesyonèl sante l la.
- H. Mwen konprann nenpòt tès suiv ap kreye enfòmasyon sante ki pwoteje (protected health information, PHI) ak lòt enfòmasyon pèsonèl sou elèv la. Anba reglemantasyon 45 CFR 164.524(c)(3), mwen otorize e mwen mande konpayi ki fè depistaj la pou l kominike PHI sa yo bay lekòl pitit mwen an, Depatman Sante Piblik la, Depatman Edikasyon Primè ak Segondè a ak moun ki fè tès la. Mete sou sa, mwen konprann li posib pou yo kominike PHI sa yo bay Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal la e pou yo kominike yo bay nenpòt lòt moun selon sa ki otorize anba lwa HIPAA a.
- I. Mwen konprann mwen pa oblije pou mwen otorize depistaj COVID-19 sa yo pou elèv mwen an epi mwen gen posiblite refize bay otorizasyon sa a yon fason pou yo pa teste elèv mwen an.
- J. Mwen konprann mwen ka chanje lide e mwen ka anile pèmisyon sa a nenpòt lè. Sepandan, nan ka sa a, anilasyon an ap aplike apati moman mwen di mwen anile pèmisyon an e li pap afekte enfòmasyon mwen te gentan bay otorizasyon mwen pou yo kominike yo. Si mwen vle anile pèmisyon sa a pou depistaj COVID-19 la, mwen sipoze kontakte.

Mwen menm ki siyen anba a, mwen rekonèt yo te esplike m objektif tès la, pwosedi l yo, avantaj ak risk ki mache avè l yo, epi mwen te resevwa yon kopi konsantman eklere sa a. Mwen te jwenn posiblite pou m poze kesyon anvan mwen te siyen epi yo te fè m konnen mwen ka poze lòt kesyon nenpòt lè. Mwen deklare ak tout volonte m mwen dakò pou yo fè yon depistaj COVID-19 pou pitit mwen an.

Siyati paran an/responsab legal la:

Date: